



## **Umugwi w'abahinga b'Ishirahamwe Mpuzamakungu rya ONU ujejwe kutohoza ku mabi yoba yarakozwe mu Burundi**

**Burundi : Umugwi w'abahinga b'Ishirahamwe Mpuzamakungu rya ONU ujejwe kutohoza ku mabi yoba yarakozwe mu Burundi usaba Sentare Mpuzamakungu Mpanavyaha ko yotohoza ivyaha vy'agahomerabunwa**

**Jeneve, italiki 4 z'ukwezi kwa Nyakanga umwaka wa 2017** – Umugwi w'abahinga b'Ishirahamwe Mpuzamakungu rya ONU ujejwe kutohoza ku mabi yoba yarakozwe mu Burundi ufise ibituma vyokwemeza ko mu Burundi hakozwe ivyaha vy'agahomerabunwa kuva mu kwezi kwa Ndamukiza muri 2015, kandi ko ivyo vyaha bibandanya bikorwa n'ubu nk'uko bigaragara mu cegeranyo c'itozo casohotse ku munsi wa mbere. Ivyo vyaha vyakozwe vyibonekeza mw'ihonyangwa rimwe rikabije ry'agateka ka zina muntu, m'ubwicanyi ndengerabutungane, mw'ihagarikwa n'ipfungwa ridakurikijwe amategeko, mw'ihohoterwa ry'ikiremwa muntu, mw'ihohoterwa rifatiye ku gitsina, mw'ihohoterwa rya kiremwa muntu ritesha ubuntu n'iteka hamwe no mw'injuruzwa ry'abantu bakagenda amazimayongo.

Nk'uko Fatsah Ouguergouz, umukuru w'Umugwi w'abahinga b'Ishirahamwe Mpuzamakungu ujejwe kutohoza ku mabi yoba yarakozwe mu Burundi abisigura, ati : « Twarahundagajwe n'urugero rw'ivyaha vyakozwe. Twarabonye kandi ko abategetsi b'inzego z'igihugu badashaka kuhana ivyo vyaha no kworohereza ubwigenge bw' inzego z'ubutungane kugirango zikore ata gitsure. Nico gituma hari nahe abakoze ivyo vyaha batohanwa ». Mu bimonogoje muri ivyo vyaha, Umugwi w'abahinga b'Ishirahamwe Mpuzamakungu ujejwe kutohoza ku mabi yoba yarakozwe mu Burundi wasanze harimwo abakozi n'abategetsi bo mu Biro vya leta bishinzwe iperereza n'abo mu gipolisi c'Uburundi, abasirkare n'urwaruka rwegamiye umugambwe uri ku butegetsi bita Imbonerakure.

Icegeranyo c'ivyavuye muri iryo tohoza cemejwe n'abahinga batatu bo muri uwo mugwi. Itohoza ryamaze amezi atari make : Abantu barenga 500 baravuze ivyo bazi kuvyabaye. Muri bo, harimwo abarundi benshi bahungiye mu mahanga n'abandi bagumye mu gihugu ariko baguma bageramiwe. Mu kuvuga ivyabaye abo bantu ntibari borohewe namba kuko, nk'uko bisigurwa na Françoise Hampson, umwe mu bahinga batatu bagize uwo mugwi, « Mu Burundi bwose hari umwuka w'ubwoba bwinshi. N'abahungiye inyuma y'igihugu baguma bahigirwa. Ivyo vyatumye Umugwi w'abahinga b'Ishirahamwe Mpuzamakungu ujejwe kutohoza ku mabi yoba yarakozwe mu Burundi witwararika cane mu kudashira ahabona ivyavuzwe kugirango ivyabona ntibizobizizwe ».

Ivyabaye vyavuzwe n'abakorewe ayo mabi, abagenzi babo canke ababona igihe vyaba, ariko uwo mugwi ujejwe itohoza wabanje kuperereza ko ari uko vyabaye. Birerekana ko n'ubu agateka ka zina muntu kaguma gahonyangwa. Fatsah Ouguergouz aremeza ati : « Tuguma turonka ibivyemeza kandi vyose bivuga rumwe, yuko n'ubu ayo mabi aguma akorwa mu Burundi. Muri bino bihe, amabi amwe amwe akorerwa mu mpisho, ariko ntacahindutse mu kukora ikibi ata mpuhwe ».

Abategetsi b'igihugu baranse kuja inama no kwishura ibibazo vy'uwo mugwi ujejwe itohoza, batako barankira abagize uwo mugwi ko baja mu Burundi. Reine Alapini Gansou, uwundi ari muri uwo mugwi ujejwe itohoza, avuga ati « Turababazwa cane n'uko Leta y'Uburundi yanse kudufasha ico gikorwa, bigatuma tutoroherwa mu kumenya ingene agateka ka zina muntu kartyojwe n'abagwanya ubutegetsi bitwaje ibigwanisho. Ivyo birababaje kurusha kuko, kubera ko Uburundi buri mu Nama y'Ishirahamwe Mpuzamakungu ya ONU ijejwe kubahiriza agateka ka zina muntu, butegerezwa kufadikanya n'abakozi batumwe n'iyo Nama ».



Uyu munsi uri hejuru, Umugwi w'abahinga b'Ishirahamwe Mpuzamakungu ujejwe kutohoza ku mabi yoba yarakozwe mu Burundi urasavye abategetsi b'Uburundi kuhagarika ubu nyene ihonyangwa ry'agateka ka zina muntu rikorwa n'abakozi ba Leta hamwe n'Imbonerakure kuko Leta irabafise ko ububasha ».

Kubera abakoze ayo mabi batikanga guhanwa, Umugwi w'abahinga b'Ishirahamwe Mpuzamakungu ujejwe kutohoza ku mabi yoba yarakozwe mu Burundi urasavye Sentare Mpuzamakungu Mpanavyaha ko « yotanguza idatevye itohoza ry'ivyaha vyakozwe mu Burundi ». Umugwi w'abahinga b'Ishirahamwe Mpuzamakungu ujejwe kutohoza ku mabi yoba yarakozwe mu Burundi urasavye kandi Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika « kusubira kufata ingingo kandi rivyemeze, yo kuronderera umuti wo kusubiza umutamana Abarundi (...) ».

----

### Intangamarara

Umugwi w'abahinga b'Ishirahamwe Mpuzamakungu ujejwe kutohoza ku mabi yoba yarakozwe mu Burundi washinzwe kw'igenekerezo rya 30 Nyakanga 2016, wagenwe n'ingingo 33/24 y'Inama Mpuzamakungu ya ONU ijejwe kubahiriza agateka ka zina muntu. Uwo mugwi ushinzwe kutohoza ido n'ido ingene agateka ka zina muntu kandagaye mu Burundi kuva mu kwezi kwa Ndamukiza 2015, kumenya abagirizwa ivyo vyaha no kumenyesha ibikwiye kukorwa.

Uwo mugwi ugizwe n'abahinga batatu : Fatsah Ouguergouz (Aljeriya), Reine Alapini Gansou (Benin) na Françoise Hampson (Ubwongereza).

Abo bahinga bazoshikiriza icegeranyo ca nyuma c'ivyo batoye imbere y'Inama y'Ishirahamwe Mpuzamakungu ya ONU ijejwe kubahiriza agateka ka zina muntu – mu kiganiro kizoba ku magenekerezo ya 18 na 19 Nyakanga 2017. Ikoraniro rigira irya 36 ry'Inama y'Ishirahamwe Mpuzamakungu ya ONU ijejwe kubahiriza agateka ka zina muntu rizobera i Jeneve kuva kw'igenekerezo rya 11 gushika kw'igenekerezo rya 29 Nyakanga 2017.

\*\*\*\*\*

*Ikiganiro abo bahinga batatu bagize uwo mugwi w'itohoza bazoshikiriza abamenyeshamakuru kizosamirana ido n'ido i Jeneve kw'igenekerezo rya kane ry'ukwezi kwa Nyakanga 2017 isaha zine n'iminota mirong'ine n'itanu zo mu gitondo kuri urubuga <http://webtv.un.org/>*

*Ico cegeranyo kirimwo ibibazo n'inyishu, n'ivyavuzwe n'abakorewe ivyo vyaha. Uwushaka wese arashobora kubisoma kuva kur'yo saha (isaha zine n'iminota mirongo ine n'itanu) kuri urubuga <http://www.ohchr.org/EN/HRBodies/HRC/CoIBurundi/Pages/TheReportHRC36.aspx> [mu congereza]*

*Uwukaneye kumenya ibiranga abahinga bagize Umugwi w'abahinga b'Ishirahamwe Mpuzamakungu ujejwe kutohoza ku mabi yoba yarakozwe mu Burundi arashobora kubisoma kuri urubuga :*

*<http://www.ohchr.org/FR/HRBodies/HRC/CoIBurundi/Pages/Commissioners.aspx#Ouguergouz> [mu gifaransa]*

*Urwandiko rw'ingingo A/HRC/RES/33/24 ruri kuri urubuga :  
[http://ap.ohchr.org/documents/dpage\\_e.aspx?si=A/HRC/RES/33/24](http://ap.ohchr.org/documents/dpage_e.aspx?si=A/HRC/RES/33/24)*

*Uwuserukira abamenyeshamakuru : (Jeneve) Claire Kaplun, Office of the UN High Commissioner for Human Rights (OHCHR), Tel: +41-2 917 9056, email: [ckaplun@ohchr.org](mailto:ckaplun@ohchr.org)*